



Pou Piblikasyon Imedya: 05/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE RESOUS ANPLIS AN PREVISYON AK
INONDASYON POSIB LAKE ONTARIO A**

***Li Ankouraje Gouvènman Lokal yo pou Soumèt Demann pou Resous bay NY
Responds oswa Sans Sivyans Eta New York (NYS Watch Center) nan
518-292-2200***

***Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo Deplwaye Plis pase 100,000 Sak
Sab ak De Aparèy pou plen sak sab Dirèkteman nan Konte Oswego pou Pwoteje
li Kont londasyon***

***Eta a Pral Deplwaye Prèske 800,000 Sak sab, 15 aparèy pou plen sak sab, Plizyè
Santèn Ponp ak yon Aquadam ki mezire 920 Pye nan Uit Konte ki Afekte yo Bò
Dimanch Aprèmidi***

***Gad Nasyonal New York la Pral Aktive 100 Manm pou Sipòte Operasyon
Preparasyon yo***

***Pèmi Jeneral Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la Rete an Vigè pou
Akselere Reparasyon yo pou Mèt Pwopriyete ki bò Rivaj la yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a deplwaman resous anplis pou Konte Oswego an previzyon ak inondasyon posib Lake Ontario a. An total, plis pase 100,000 sak sab, de aparèy pou plen sak sab ak yon aquadam ki mezire 250 pye te deplwaye nan pozisyon yo atravè Konte a, epi tou ekskavate ak bra long avèk yon operatè pou asiste nan deplwaman aquadam lan. Gouvènè a te ankouraje tou ofisyèl lokal yo nan uit konte yo ki posibelman afekte ak inondasyon Lake Ontario a pou travay avèk Responsab Ijans yo nan Konte yo a pou soumèt nenpòt bezwen pou resous dirèkteman nan NY Responds, sistèm ki baze sou entènèt Eta a ki pèmèt ni gouvènman lokal yo ak ajans Eta a yo pou soumèt ak pataje enfòmasyon ki an rapò ak ijans epi demann pou resous. Responsab Ijans yo gen dwa tou soumèt demann atravè Sant Siveyans New York la nan 518-292-2200 si yo pa kapab gen aksè ak NY Responds nan moman an.

"Pandan nou ap prepare pou ijans posib sa a, nou espere sa ale byen epi nou ap prepare pou si sa ale mal. Nou te deplwaye prèske yon milyon sak sab ak prèske 1,000 pye aquadam nan konte ki afekte yo. Men mwen ta mande tout gouvènman lokal yo ki gen dwa sou wout inondasyon pou enfòme nou avan reyalite a si yo ka itilize èd - paske yon fwa inondasyon an rive, li two ta", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou bezwen tou aksepte nouvo reyalite ke nivo dlo wo sa yo prak kontinye epi rekonstwi pi wo ak pi solid pase avan. Yon pati nan pwogram 2 trilyon dola pou infrastrukti gouvènman federal la ta dwe dinifitivan itilize pou rebati rivaj sa a. Epi nou bezwen

reprèzantasyon sou Komisyon Miks Entènasyonal (International Joint Commission, IJC) la - yo bezwen fè aksyon yo ansanm epi fè yon pi bon travay dekwa pou nou pa toujou nan sitiyo sa a".

Mèt pwopriyete yo ki bò rivaj la yo ki bezwen sak sab, aquadam oswa lòt resous ta dwe kontakte minisipalite a oswa biwo jesyon ijans konte yo a dirèkteman pou asistans. Anplis ak operasyon kontini pou preparasyon li yo bò rivaj la, Eta a pral kontinye kowòdone dirèkteman avèk konte yo ak patenè lokal yo pou asire estòk founiti yo pou abitan yo ak pwopriyete biznis yo kontinyèlman reyapwovizyone. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) rete an kominikasyon konstan avèk patnè lokal yo epi rete prepare pou deplwaye sak sab anplis, aparèy pou plen sak sab, ponp ak aquadam nan nenpòt lokalite yo ki nan bezwen.

Jiskadat, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo te deplwaye plis pase 800,000 sak sab 15 machin pou plen sak sab yo, plizyè santèn ponp ak 920 pye aquadam nan uit konte yo ki bò tout rivaj lak la. Canal Corporation Eta New York ap voye yon ekskavatè ak bra long avèk yon operatè nan Konte Oswego pou asiste nan deplwaman aquadam. Jiska jodi a, gen 100 manm Gad Nasyonal New York la (New York National Guard) ki te aktive pou sipòte operasyon preparasyon yo.

Aprè yon rankont ak ofisyèl Eta a yo nan kòmansman semèn sa a Komisyon Miks Entènasyonal la te ogmante kouran dlo ki soti nan Baraj Kouran Robert Moses-Robert H. Saunders sou Rivyè St. Lawrence lan dekwa pou minimize enpak yo, sepandan nivo dlo lak la rete plis pase yon pye piwo mwayèn lan epi li ta kapab kontinye monte.

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Cuomo [te ekri](#) IJC a pou mande Komisyon an maksimize kouran dlo ki soti nan sistèm Lake Ontario a pou evite inondasyon plizyè milye Nouyòkè te fè fas la an 2017. Depi lè sa a, nivo dlo yo rete pi wo pase mwayèn lan epi yo prevwa yo pral ogmante nan semèn k ap vini yo, sa ki egzije deplwaman alavans resous Eta a nan rejyon an pou pwoteje pwopriyete kay ak biznis yo kont inondasyon posib yo.

Anplis efò kowòdinasyon Divizyon an ak deplwaman resous yo Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a te bay yon Pèmi Jeneral pou adrese efè posiblerman destriktè nivo dlo wo yo nan Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence poutèt presipitasyon akyèl yo ki pi wo pase mwayèn lan ak nèj k ap fonn nan Basen Gran Lak (Greate Lakes Basin) yo. Pèmi sa a, ki baze sou yon [Deklarasyon Ijans](#) komisè DEC a te fè, pral akselere pwosesis la pou mèt pwopriyete yo ki bò rivaj la fè reparasyon ki nesèsè yo rapidman epi estabilize pwopriyete yo kont dega inondasyon. Yo prevwa nivo dlo wo yo pral kontinye epi yo gen dwa lakòz ewozyon jeneralize sou rivaj la, andonmaje estrikti kotye yo epi mete an danje enfrasstrikti menm jan ak inondasyon istorik ki te rive nan prentan 2017 la.

[Nouvo pèmi](#) an disponib sou sit wèb DEC a. DEC ap aksepte demann jiska 30 Avril 2020. Otorite Pèmi Jeneral la ap an vigè jiska 30 Septanm 2020.

Aktivite yo pèmèt yo gen ladan:

- Reparasyon ak ranplasman an nati estrikti ewozyon yo;
- Reparasyon oswa rekonstriksyon an nati wout, pon, sèvis piblik ak lòt enfrastrikti piblik ki te la deja yo;
- Estabilizasyon kay, teras, ak pasaj pyeton ki te la deja, ki fonksyonèl epi tanpèt la te andonmaje avèk ranfòsman ak anpilaj tanporè; epi
- Deblokaj kanal yo nan afliyan Lake Ontario yo sediman rivaj la bloke.

Pwopriyete kay yo ak minisipalite yo ki gen kesyon sou pèmi yo kapab kontakte [Administratè Rejyonal Pèmi DEC](#) yo a.

Anplis, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a ap sipèvizè operasyon ranpli sak sab yo nan uit konte yo ki gen fwontye Lak Ontario a, an kowoperasyon ak Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) ki te bay ekip travay ki te konpoze ak ant 5-12 prizonye ki elijib, ki te ranpli prèske 113,000 sak sab epi te travay sou deplwaman yon aquadam. DOCCS pral kontinye mete ekip anplis disponib kòm sityasyon an ap evolye.

Sistèm Kontwòl Ensidan DOT a te aktive pou evènman move tan sa a epi pèsonel mentnans ap deplwaye ekipman DHSES yo tankou ponp dlo ak aquadam yo nan pozisyon estrategjik ki gen fwontye ak Lake la an previzyon ak inondasyon. Ekip yo tou ap prepare ekipman pou repons, yo ap enspekte estrikti drenaj yo nan zòn ki ba yo, epi enspekte kanivo yo pou debri. Otorite Enèji Eta New York la (New York State Power Authority) la ak Canal Corporation te bay asistans nan transpòte resous yo nan kominote ki afekte yo.

Depi dènye evènman nivo dlo wo a sou Lake Ontario a, Pati Anba rivaj Rivyè Niagara a ak Rivyè St. Lawrence an 2017, Eta a te pran yon angajman 95 milyon dola pou Rivaj Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo. Pwogram rekipasyon an te kòmanse avèk yon angajman inisyal 45 milyon dola pou ede abitan yo, ti biznis yo, ak minisipalite inondasyon an te afekte yo. Yo te ajoute de sibvansyon 5 milyon dola ki soti nan Pwogram Etablisman Eta ak Minisipalite a yo (State and Municipal Facilities Program) pou ranfòse èd yo te bay deja yo epi bay asistans finansye ki nesese pou efò rekipasyon yo. Bidjè 2018-19 Eta a te gen ladan yon lòt 40 milyon dola anplis pou pwogram rekipasyon an, ki te kontinye sipòte rekonstriksyon ak estabilizasyon rivaj yo, ranbousman pou reparasyon ijans yo pandan inondasyon yo ak rekonstriksyon dig lan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)